Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2023 соналъул 18 август Рузман №33 (7794) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1декабралда Багьа 8 гъурущ 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

**Райадминистрациялда**

## ТIадруссунги налогазул хIакъалъулъ

10 августалда райадминистрациялъул залалда районалъул бетIер Шамил ГIумаровас тIобитIана районалъул учреждениябазулгун организациябазул нухмалъулезул ва росдал администрациябазул бутIрул гIахьаллъараб иргадулаб дандельи.



Дандельиялъул байбихьудаго районалъул бетIерас бицана республикаялъул бетIер Сергей Меликовасул районалде гьабураб сапаралъул хIасилал рачун хадуб, хIисабалде росарал хIалтIабазул иналъул ва кьуна гьезда хурхун тIадкъаял.

Районалъул консолидированнияб бюджеталдаса пайда босиялъул ва налогал ракIариялъул бицун кIалъана райфинотделалъул нухмалъулев ХIусен МухIамадов.

-Гьесул раг1абазда рекъон, тIоцебесеб июлалде райбюджеталде доход бач1иналъул план тIубан буго 56 проценталъ ай 718098,7 гъурущ, бачIун буго 399031,9гъурущ.

Налогазул ва налогазул гурел доходазул план тIубан буго 38 проценталъ (план 85 220,9 гъурущ, бюджеталде бачIун буго 31 906,5 азарго гъурущ). ГIадамазухъан бачIине кколеб ракьул налогалъул налъи буго 125 500 гъур. Гьеб рахъалъ цIикIкIараб къадар налъиялъул буго Агъвали, Гьадири, Хуштада, ТIинди, Гьакъо ва Гьигьалъ росабазул администрациязда т1ад.

Гьединго цIикIкIараб налъи буго гIадамазул буголъиялъул. Гьелъул къадар бахун буго 120 100 гъурщиде. Ракьул ва буголъиялъул налог бакIариялъул рахъалъ лъикI хIалтIи гIуцIун буго КIванада, Хъварщи, Метрада, ТIадгьаквари, Эчеда ва Шава росабазул администрациязул нухмалъулез.

-ЦIакъ тохго гIуцIун буго хIалтIи ВУСазе гьарурал харжал тIуразариялда сверухъ,-ян абуна Х1усен Мух1амадовас. -Пайда босичIого гьоркь хутIун буго 470 700 гъурущ. Бюджеталъул гIарац харж гьабиялъулги план 48 проценталъ гурого тIубан гьечIо (план 748 378,0 гъурущ, пайда босун харж гьабун буго 356078,6 гъурущ). Жиндир заманалда харж гьабичIого организациябазулгун учреждениябазул счетазда хутIун буго 31 509 000 гъурущ, гьелдаса хIалтIухъ кьолеб мухь 13 841 000 гъурущ, токалъул налъи 445 000 гъурущ.

Районалда ралел бакIазул ва гьел объектал ралаго дандчIвалел захIмалъабазул информация кьуна райадминистрациялъул ралел бакIазул, нухазулгун транспорталъул ва ЖКХялъул отделалъул нухмалъулев ХIажимухIамад МуртазагIалиевас.

Цебеккунго буголъиялъул хъвай-хъвай гьабичIел гIадамазул сияхIазул ва гьелда сверухъ бугеб ахIвал-хIалалъул къокъабго информация кьуна техинвентаризациялъул хIалтIухъан Закарья ЖахIпаровас.

Дандельиялъул ахиралда Шамил ГIумаровас росдал администрациябазул ва учреждениябазул нухмалъулез ахIана дандельиялда рорхарал суалал тIураялде кIвар кьезе.

**Заур Бадрудинов**

## Россиялъ мугIрузда балеб зигара

14 августалъул къаси кватIараб сардилъ МахIачхъалаялъул Караманалда ккана гIорхъолъа борчIараб иш ва, гьелъул хIасилалда, рикIкIен гIемерав чи, гьездаго гьорлъ лъималги, лъукъана ва Аллагьасул къадаралде щвана. Чидар къварилъи бугин абун аскIосан инчIого, гьаб нухалъги, цо чи гIадин бахъун чIана нилъер халкъ балагьалда ккаразе кумекалъе.




Дирго ва тIолго районцоязул рахъалъан гъваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго хваразул хъизаназда, гьезул гIагарлъиялда.

Аллагьас иманалда тIоритIун, Алжан насибал ратаги ахираталде арал ракьцоял.

Унтаразеги Аллагьас сахлъи кьеги, мунагьал чуризе бачIараб батаги. Амин Аллагь.

**Шамил ГIумаров,** районалъул бетIер

* * *

Дагъистаналъ чIегIер бан буго жакъа
ЧIегIераб къо чIедал къаси сардида.
МагIил гIорал руго кирго чвахулел
Нилъер вацаз, яцаз дуниял тедал.
МахIачхъала шагьар гьаргьазабураб
Цо кьвагьи бахъана кватIараб сардилъ.
ЖужахIалъул цIадулъ рухIулел гIадин,
ГIумруго хисана сверухъ ругезул.
ТIаде бачIунгеяб балъгояб балагь,
Бицун чи божулеб суратго гьечIо.
ЦIа рекIун рухIулел, араб бакI лъачIел,
Лъавудаса араб хIисаб бугоан.
Шагьадат битIулел аскIор ругезул
РекIелъ къалел гьаркьал руго рагIулел.
ГIодулаго, бида рецIцIулел лъимал,
Лъицаяли кодор ккун руго унел.
Жидерго пикрабалъ нухда унезда
Нахъа чIун батараб вахIшияб балагь.
Лъимал-хъизаналгун рокъор унаго,
Гъараялъе чIараб цIадул карачел.
Нужеда лъун ругел цIадул ругънаца
Нижги рухIун лъуна, вацалгун яцал.
Нужеде бачIараб гьеб къварилъиялъ,
Къварид руго нижги нужеда цадахъ.

**Раисат Батаалиева**

## СВОялъул гIахьалчагIазе-шапакъатал




**Хъварщиса ГЪАЗИЕВ ХIажимурад Рамазанович мустахIикълъана рагъулаб кIиабилебги шапакъаталъе- «Рагъулаб хъулухъалъухъ» медалалъе.**

* * *



**Хушетиса МУХIАМАДОВ Асилдар Зайнукумович мустахIикълъана Г.К.Жуковасул медалалъе.**

Школал-цIалул цIияб соналде

# Умукусум МусахIажиева: Ниж сентябралде хIадур руго

**ЛъачIого ана школазул риидалил хIухьбахьиялъул моцIал, гьале тIаде щолеб буго цIалул цIияб соналде гьезул хIадурлъиялъул халгьаби тIобитIулеб мех.**

**Халгьабулеб комиссиялъул вакилзабазул сияхIги халатаб букIуна: гIадамазулги, ратарал гIунгутIабазулги, гьарулел малъа-хъвавзулги.**

**Гьельги батила, цо-цо школал, аслияб къагIидаялъ, экзаменал лъугIилалдего, цебесеб соналъ халгьабулез рихьизарурал гIунгутIабиги кьочIое росун, лажбар-гарч бахун, токалъул мухъал цIигьарун, жагъаллъи ккарал бакIал ритIизарун, камураб алат-тIагIел босун, хIадурлъулел цIалул цIияб соналде. Абизе бегьула, школазда хIалтIи «гьалдолеб» букIунин гьединаб мехалъ-цо-цоязул гIадатияб ремонт, цогидазул-капиталияб букIуна унеб. Нилъер районалдаги батIалъи щибха?! ЦIалдохъабазе бугелъул хIухьбахьи (каникулал) кьун, школалъул коллектив хIалтIизе ккола тIоцебесеб сентябралъ жалгоги цIалдохъабиги гвангъарал ва цIилъарал классазде гьираялда рачIине.**

**Районалда, абизе бегьула, (дун йохараб хIужа) цIикIкIарасеб къадар цIалул идарабазул цIирарал яги капиталияб ремонт гьабурал ругин. …**

**Гьединаздаса цояб ккола 2016 сональ цIибараб Сильди росдал гьоркьохъеб школаги. Гьеб рагьиялъул тадбиралда гIахьаллъун рукIана нижги (редакциялъул хIалтIухъаби) доб мехалъ. Араб соналдаса нахъе гьелъие нухмалъи гьабулеб буго гIолохъанай мугIалим МусахIажиева Умукусум ХIамзатхановналъ. Гьелъулгун букIараб гара-чIвари бахъулеб буго жакъа газеталда.**

**-Умукусум, школалъул директорасул бигьаяб гуреб хъулухъ баркулеб буго дуда, гьелдаго цадахъ гурхIизеги бачIунаха дур гъуждузде ккараб гьир бихьун: бигьаяб иш ккоаро гьаб заманалда цIалулги, тарбия**



**кьеялъулги, магIишатиябги (цIалдохъабазе бухIараб квен чIезаби, богорукъалъул суалал тIурай, камураб-бекараб битIизаби) рахъал ва хасалиде цIа-цIул хIадуриялъул суалал, хасго ясазе, рикIкIадаса ячIарай йикIинги хIисабалде босун.**

**Кин бугеб нужехь школа цIалул цIияб соналде хIадурлъиялъул суал?**

-Баркала. Риидалил замана, гIадат хIисабалда, школазе букIуна ремонтал гьарулелъун, школал сентябралде хIадуриялда, цереккун рукIарал гIузраби-гьая рукIкIалида ккезариялда тIад хIалтIулелъун. Нижги гьединго рукIинарищха? Жакъаялде киналго хIалтIаби рагIалде рахьун руго, хутIун буго августалъул ахиралда гордал-къадалги чуризе, азбар-кьоноги лъухьа-бацIцIине. Гвангъарал, берцинго къачIарал классаздегун кабинетазде школлъимал рохалида рачIиналде ниж хIадур руго. Хадуб бичIчIула гьезда школазда дарсалгун цIали лъугIаниги, гьеб тIад кIулги бан къаларебльи, директорасдасан байбихьун техникиял хIалтIухъабазде щвезегIан гьенир киналго хIалтIулебльи, ай, школалъул жанисеб рахьалда «гIумру жеги унеб букIараблъи». Гьел руго, аслияб къагIидаялъ, сонайил тIоритIулел цоро хIалтIаби, школа цIибараб букIинги хIисабалде босун, халгьабиялъул комиссиялъ гIарза бахъине ккараб иш-хIужа нижер гьечIо.

**-Бугониги, рии хIухьбахъулеб заман бугелъулха…**

-Буго. Щивасулги гьеб батIи-батIияб букIинарищха, амма, дидаго ракIалде ккола, гьал цIиял къагIидаби хIалтIизаризе байбихьаралдаса нахъе, бигьаяблъун цо-цоязда кканиги, хIухьбахъизего замана щолеб батиларин мугIалимзабазеян, гьединго рукIинарищха лъайкьеялъул управлениялъул хIалтIухъабиги?! Чан батIияб программа хIадуризе кколеб, чан бакIалда лъималазул хъвай-хъвагIай гьабизе кколеб?! Жидерго рукъмагIишаталда рукIаниги, риилъги школалъул пикрабазда рукIунин бицуна хIалтIухъабаз, школалде рачIараб мехалъ: исана киналдай программаби рукIинел, сунда рекъондай хIалтIилел абун. чIахIияб гIелалъул мугIалимзабазе бигьаго букIунаро цIиял къагIидабазде ругьунлъизе. Гьанже бильълъанхъизабулеб буго электронниял дневниказул къагIида-гьелъ рес кьола лъурабго цIалдохъанасул лъай борцараб къимат эбел-инсухе «щвезе» телефоналда бугеб программаялда рекъон. МугIалим кидаго ва киверо мугIалим вукIинарищха, гьединго нижералги-жидерго махшел камил гьабиялда тIад ургъулел ва хIалтIулел.

**-МугIалимасул бигьаяб гуреб иш бищун бугоха дуца, цебе гIадин, гьелъул жакъа къимат-къадру гьечIониги…**

-ГьитIинго бокьана дие мугIалимасул хIалтIи. Школалда цIалулагоги гьеб рокьи тIадеги цIикIкIана. Дир «тIоцересел цIалдохъабилъун» рукIана гьитIинал вацал. Берцинго ва бацIцIадго хъвазе тIамулаан гьел, диего кьурал кучIдул малъулаан гьездаги ва рекIехъе бицине риччалан. Абизе бегьула, гьитIинаб къоялдасаго нахъе дун гьелде «унеб ва ругьунлъулеб» йикIанилан. Гьелъие «гIайибиявлъунги» вукIана тарихалъул мугIалим Лабазанов Гьайирбег Тенчаевич. Гьесул гIадатиялги гIумрудулги дарсаз асир гьаюрай дун-цIалдохъаналъе цогидасда тIокIкI бокьана гьеб предмет ва хъвана тарихалъул мугIалимлъун. Гьелдаса рекIекълъиги ккечIо, кигIанго мугIалимасул хъулухъ гIодобегIан гьабизе цоцояз хIаракат бахъаниги, дун хIалтIулей йигеб анцIго сонида жаниб.

ЗахIматалъулаб нухдеги байбихьи лъуна ГIахьвахь районалъул ТIаса Инхело росдал школалда. Щуго сонидасан ячIана нужер районалде-исана анлъабилеб сон буго дир Сильди росдал школалда хIалтIизе ячIаралдаса…

Школалъул директорлъун яхъилинги пикруго букIинчIо, ва, амма, генералльун вахьине анищ гьабуларев солдатги лъикIав солдат кколарин абухъего, дицаги хIаракат бахъун батилаха дирго хIалтIиги лъикI гIуцIизе, районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъиялъ тIадкъанаха гьеб хъулухъ араб соналъ, дицаги, бажарухъе, дида цере рукIаразул мисалалда рекъон, хIалтIи цебехун бачунеб буго. Баркала коллективалъе цадахъ рукъ цIан хIалтIи бачине кумек гьабиялъухъ.

**-Умукусум, бигьаяб иш кколароха гьеб-кIудияб коллектив гуребги, ригьалъгун хIалбихьи цIикIкIарал гIадамазе нухмалъи гьабизе ккей…**

-Дидаги бичIчIула гьиралъул бакIлъи, гьеб жавабчилъиги кIварги цIикIкIараб, щивасул берзукь бугеб, гIемер хIаракатги бахъизе, сабруги гьабизе, лъималазего гIадин, гIаммаб мацI чIахIиязегун цIалдохъабазул эбел-инсуеги батизе кколеб хъулухъ букIин.

Амма директорасул хъулухъалъул бакIаб гьир уна дарсал кьезе дарсиде индал: щивав цIалдохъанасул беразулъ рекIел бацIцIалъиги, гьезул гIадатлъиги, гьечIеб жахIдахIусудги бихьидал, битIахъе йиун араб хIал ккола гьезда аскIой. Божи буго, араб сональул хIасилаздаса, дунго гIадин, коллективги рази батилин абун, дидаги гьезул божильи ритIухъ гьабизе кIун батилин ва хадубккунги хIалтIиги гьединго цадахърекъон гьабилин абун. РукIана чанги лахIзатал, ричIчIунгутIиялъул махI чIварал гIадал, кинавго зе рази гьавизе бажаруларелъул, амма гьел гIиси-бикьинал ишалги нижеца ургъун, борцун, нухде рахьинаруна.

Гьеб кколаро дун лъикIай йигин абураб, гуро, коллектив гьечIони, дунги гьечIо. Баркала РУОялъулгун школалъул коллективазеги, диде гьабураб божилъиялъухъ. Ва, амма, хасаб баркала кьезе бокьун буго цокIалго бегавуласулги имамасулги рагIи билълъараб силдадерил жамагIаталъе, жидерго яс гIадин, дун къабул гьаюралъухъ. Гьезул мисалги дие дарсльун буго дирго хIалтIулъ: дун росулъе ячIаралдаса нахъе рагIичIо дида гьав дибирасул дов бегавуласул чи вугин абун, кIийиде рикьи, гьелъул гIаксалда-гьез цоцаль гIакълу дандбалаан ва хIукму кьотIулаан киназулгун пикруги дандбан.

Щиб къваригIелалъ аскIое аниги, МухIамад ХIусеновичасги (росдал бетIер), Зайнаб ГIабдулхIамидовнальги (РУОялъул нухмалъулей), хъулухъ тIубачIого дун течIо, гьеби ккола дидехунги школалъул коллективалдехунги бугеб адаб-хIурмат.




**-Киналха ккарал цIалул соналъул хIасилал? Специалистаздалъун школа хьезаби кин бугеб?**

-Школазул букIуна цебелъураб цоро масъала: тIадегIанаб даражаялда цIалул программа рагIалде бахьинабизе. Амма батIи-батIияв кколаха хIасилал. ИчIабилеб ва анцIила цоабилеб классазул цIалдохъабазул аттестатазул хал гьабидал, бичIчIана лъайкьеялъул даража квешаб гьечIебльи.

Гьеб ккола мугIалимасул кIвахI тараб хIалтIул хIасил. ТIоцебесеб иргаялда лъималазе, лъаялда цадахъго, тарбияги кьезе ккола, гIагараб ракьалде рокьи ги куцазе ккола. Гьеб рахъалъ хIалтIи лъикI гIуцIун буго школалда. Советияб заманалъул цIалдохъабаздаса (цоцояз гIемер мисал бачуна гьеб рахъалъ) цо къатIраялъгицин нахъе къараб тарбиялъул лъимал гьечIо нижер школалда, гьелъул гIаксалда, гьитIинго къуръан-хIадисги малъарал, светияб лъайги цадахъ бачунел, цIар арал росуцояздасан мисалги босулел руго. Гьеб рахъалъ дие, цогидал директоразда данд ккун, битIкканин абизе бегьула.

Цоги абила, школа лъугIун унезул мухъиль хадубккунги лъай тIалаб гьабулезул къадарги цIикIкIунеб бугин. Цо-цояз эбел-инсул малъа-хъвавздальун, цогидаз жалго жидедаго тIадчIун хIалтIиялдальун, ургъун босулеб буго гьелде гали.

Умумуз кьолеб кIварги, жидерго лъималазул лъай борхиялде, цIикIкIараб буго: дуда рихьуларо кодор багьаял телефоналгун къватIахь лъимал-гьел рукIуна я кружоказда, я рукъалъул хIалтIипишаялде руссун. Мисал босизе гIолохъаби гьезие гIемер руго росулъги, рехе гочаразда гьорлъги. Гьеб гьезда жидедагоги бичIчIулеб буго. Щваралда гIей гьабун чIечIого, церехун ине кколеблъи, школалъул нуцIби къараьдаса нахъе жал росдалги районалъулги вакилзаби рукIин ва цогидаз жидедаса мисал босулеблъи гьезда бичIчIула.

ТIоцебесеб классалде рачIунездаги бичIчIизабизе хIаракат бахъула школа рукъ гьечIебльи, гьенир тIалабалги къанунaлги батIиял рукIин ва лъималги мугIалимасе цоро рукIин, ратIа рахъичIого.

Жакъа вачIаравго гIадин, метерги гьираялда цIалдохъан вачIунедухъ, хIалтIиги шартIалги Сильди росдал школалда гIуцIун руго.

Нижее хIажат руго математикаялъул, гIурус ва ингилис мацIазул мугIалимал, божи буго нижер коллектив гьел специалистаздальун кIодолъилин абун ва Силди росдал школаги районалъул лъикIаздасан лъикIал школазул кьерулъ букIинин.

**-Умукусум, дур лъикIал къасдалгун анищал Алагьас тIурайги, баркала гара-чIвариялъухъ.**

**Хадижат Залимханова**

ДандчIваял

# Маданияталде кIвар кьезе ахIана

11 вгусталда хIалтIулаб сапаргун районалде щвана Дагъисталъул маданияталъул министрасул тIоцевесев заместитель Мухтар Къурбанов.

Сапаралъул аслияб мурад букIана районалда ругел маданияталъул объектазул материалиябгун-техникияб базаялъул халгьаби.

2022 соналъ федералияб программаялда рекъон капиталияб ремонт гьабун букIана ТIадгъаквари росдал маданияталъул минаялъуб. Гьебго программаялда рекъон исана Гьигьалъ росдал маданияталъул минаялдаги бихьизабун буго капиталияб ремонт гьабизе.



Мухтар Къурбановас Рамадан ГъазимухIамадовгун цин сапар бухьана Гьигьалъ росулъе.

Маданияталъул минаялъул хал гьабулаго, Мухтар Аммаевичас ремонталъулал хIалтIаби гьариялда ва федералияб бюджеталъул гIарцудаса пайда босиялда хурхун чIванкъотIарал тIадкъаял кьуна.

ТIадруссун щвейгун, Мухтар Къурбанов дандчIвана районалъул бетIер Шамил ГIумаровгун.

Гьенирго рукIана районалъул маданияталъулгун туризмалъул управлениялъул нухмалъулев ГIабдусалам МухIамадов, Рамадан ГIазимухIамадов ва цогидалги.

Данделъиялда тIадчIей гьабуна росабалъ ругел маданияталъул минабазда материалиябгун-техникияб база лъикIлъизабиялъул ва федералиял программабазда гIахьаллъизе проекталъулалгун-сметаялъул хIалтIаби гьаризе ккеялъул суалазда сверухъ.

Районалъул бетIер Шамил ГIумаровас Мухтар Къурбановасе баркала загьир гьабуна районалдехун бугеб бербалагьиялъухь ва божилъи лъезабуна районалъул нухмалъиялъ культураялъул рахьалъ тIоритIулел федералиял проектазда ва конкурсазда гIахьаллъиялде кIвар кьезе букIиналда.

**Райадминистрациялъул пресс-хъулухъ**

---

Поэзия

## Дир гьудул МухIаммад Заргьаловасе

Гьудулзаби рукIуна
Гьунар жидер кIудиял,
КIалъазе цIакъ пасихIал,
Пайда хайир цIакъ дагьал.

Гьудулзаби рукIуна
ГIакълу жидеЛъ цIикIкIарал,
ГIажаибал гьунарал
ГьаричIого гьоркь тарал.

Гьудулзаби рукIуна
ЦIваби гIадин кенчIолел,
Кирехун дандлъаниги,
Урхьун цоцалъ хурхулел.

Гьудулзаби рукIуна
Гьадинго харбий ругел,
Хал гьабун балагьидал,
Балагьалъе ратулел.

Ратула къадаралги,
Кьварилъи гIемералги,
Къо ккун, аскIове индал,
Гьудуллъи кIочаралги.

Гьединлъидал МухIаммад,
Гьунар дий хIажат гьечIо.
ХIеренаб харбий гIоло
Гьудуллъи мунгун ккечIо.

ЧIаголъи чорхолъ бугев,
Чалухлъи рекIелъ бугев,
Аллагьасул нухалда
Хиянатлъи биччачIев.

МагIарул иях бугев,
Адабият цIунарав,
ЦIакъго тIокIав вукIиналъ
Вуго дун аскIов чIарав.

Кьеги, гьудул, дуй сахлъи,
Таги кидаго вохун.
Хиралъи даимлъаги
Хъизаналъул дудехун!

**МухIамадхIабиб Саадуев**

## Умумузул гьобо

**кечI сайгъат гьабула гьабигьан Абакарие**

Васас къали къабун, эмен кьурдулеб,
Умумузул гьабихъ бухьана сапар.
ГIакьилал умумул, гIакълу камилал,
Кици-биценаца бицуна нужер...

Ханждал хIур бетараб, хIеренаб мегеж,
ХIажигIали вуго цеве тIамулев,
Кьурулъ бусен лъураб, милъирщо гIадин,
Хьощнив вукIунаан хьаравуллъуда.

ГIакьилал умумуз ургьараб гьобо,
«УнтичIого буго чIиргьи-хъуялда...»
Магьало бахъулеб гIорто бихьичIо,
ГIарцул буго къадар, къали-сахIалъул...

Лъадал «цIородиро» цIун буго тансу,
ЦIоркил ханжу буго цIадлъун щущалеб...
Ракьул къимат лъалел, ракьи бихьарал,
ГIинтIидул тIех гьабун, гIумру тIамурал.

ТIабигIат цIунарал, цIуна-къай бугел,
ГIумруялъ дарс кьурал, диплом кIваричIел.
Чадил адаб течIел, гIодоб мугь течIел,
ГIададатал умумул, баркала нужей!

МагIида баралъуб цIалкIу хутIараб,
ЦIулал раса гьечIеб хинкIал рахьизе,
Хурзал лъалъалареб, лъел мухь билараб,
Лъималаз магIарул мацI бицунареб-!

Кулъун цIоркил, ролъул цIеги, БетIергьан,
Милъир бортичIого раква тираги.
ЦIадал гьарзалъаги, ротIоро цIеги,
КьотIугеги гьаракь, гьабил гIентIерол...

Витамин гьарзаяб, чорхой пайдаяб,
Фундук, лъелъ, хьабхъил хьон, бакъдебусс, гага,
Барссун, бельун, бежун хIадурго рачIа,
ХIалчIахьаги нужер, урба чIикIулел-!..

Кьурдулеб гIентIеро, сверулеб гьобо,
СухIматги, зикруги рекъараб макъан,
РакIалде щвеязул щенон балеб цIад,
ЩагIил, цIулал тIагIел тIагIараб заман...

**ГIабдула Зубаиров**

---

## ХIурлъунищ тIагIинев?..

Мун кьурун яхъизе хIалги дир гьечIо,
ХIурлъунищ тIагIинев дун дуда хадув?
ХIелун цеве чIезе чIухIунги вуго,
РухIищ бахьун кьелеб, ахIун дур цIаргун?

КIал чIван гьекъолеб жо рокьиги гьечIин,
Рукьбалъ кин бессараб берцинаб сипат?
Ссун нахъ босулеб жо ракIги гьечIелъул,
РекIелъ кин бикIкIараб чIурканаб сурат?

Сардида цIвабиги кенчIелел ругин,
РичIе дие керен хIасраталъ цIураб.
Зобалазда моцIги гургинлъун бугин,
Рагье дие каву дур гIищкъуялъул.

Рокьул хатI тIад хьварал тIеренал кIутIби,
КIалъай дур йигилан дирги хIалхьезе.
Щер биун гьабураб гьайбатаб лага,
Гьабе дидехун къасд къвал дуда базе.

Дуде ккараб рокьи ракьулъги букьун,
Кьурабалъищ чIелев цIумлъунги воржун?
Хьвазе ресго гьечIеб къадарги хIехьон,
Жанивгойищ чIелев чIалгIенги баччун?

«Гьарун чи витIани дир чилъи холеб,
Чанил тIинчIалъ буго тIулалъ кор боркьун».
Кьеян эбелалъухь ине рес гьечIеб,
Росу батIиялъуб буго рокьи ккун.

**СайгидахIмад АхIмаднабиев**

## Расул хвараб къо

Югалде боржараб къункърабазул тIел,
ТIаде буссинарищ, ШагIир камидал?
Жеги борхалъараб гьесул ссиялде
Сапар бухьинарищ, берал къанцидал?

Нужер читIиралъулъ Расул рещтIиндал,
ПашманлъичIелищ нуж, цIодорал хIанчIи?
Ракьалда жегиги рагIун абизе
РагIи букIанилан ккечIищ нужеда?

Хъвадарухъабазул доб аскаралъе
Амру кинабдай гьес гьабун букIараб?
ГьадигIан хирияб Дагъистаналъе
Васият кинабдай гьесул хутIараб?

Хасалихълъиялъул пашманал къояз
Хинал гъанситабахъ цIорой рещтIана.
Щвалде пагьму щвечIеб цIияб гIелалъе
ШагIирасул хвелалъ бесдаллъи кьуна.

Ихдал тIаде руссун, гьесул хабада
ТIавапалъ къункърабаз зигара бала.
Аваристаналда цIигьаруразда
ГIемерисез гьесул цIар ахIун тела.

**Загьрат МухIамадова**

---

## МагIид рецIцIулел берал...

МагIид рецIцIулел берал, цIуллъун бухIулеб керен,
Кумек - дугIа гурони, тIокIаб чара-рес гьечIеб.
ЧIегIер бараб Дагъистан, гьугьалел чанги ракIал,
РикIкIада ругониги, ракI бикьулел миллатал.

Балъгояб балагь буго балагьизе кIолареб,
КIудияб унти буго умматалъе суратлъун.
ЦIа ккаралъуб кумекин квалквалел кумекчагIи,
Кутакаб кьвагьи бахьун, шагьидлъана чанги чи.

Кодоб лъимер ккуралги, квер ккун цадахь ругелги,
РекIун машинагунги, рилълъанхьун унелниги,
Тохлъукьеяб хваликье Халикъасул амрулъун
Ана чангиясул рухI бичас гIилиюналде.

Божизе захIмат буго. Бицизе хабар ккана-
Камуна чангиязе эбел, эмен, вацгун яц.
Инна Лилагьи Аллагь ва Инна Илайгьи Аллагь-
Рижаравги мун вуго, руссиги дуде буго.

Кьварилъи ккаралаца зигара гIахьал гьабе,
Ругьназ бусада ругел, нужей сахлъи гьарула.

**ГIумар Жамалудинов**

Прокуратура сообщает

# Мобильные приемные прокурора

По поручению прокурора Республики Дагестан Виктора Эппа в целях обеспечения защиты прав пострадавших от последствий возгорания автозаправочной станции в г. Махачкале и автосервиса в Кумторкалинском районе, произошедших 14 августа 2023 года, организована работа мобильных приемных прокурора республики.

Приемы граждан ежедневно, с 9 до 18 часов, будут проходить в прокуратурах:

-Республики Дагестан (ул. Ярагского, 84, г. Махачкала);
-Ленинского района г. Махачкалы (ул. И.Казака, 6, г. Махачкала);
-Кировского района г. Махачкалы (ул. Керимова, 27, г. Махачкала);
-Советского района г. Махачкалы (ул. Нахимова, 1, г. Махачкала);
-Кумторкалинского района (ул. Энгельса, с. Коркмаскала, Кумторкалинский район).

Предварительно записаться на прием или уточнить интересующие вопросы можно по телефонам:

**8-928-514-05-00** - в прокуратуре республики;
**8-928-831-79-25** - в прокуратуре Ленинского района г. Махачкалы;
**8-928-520-74-67** в прокуратуре Кировского района г. Махачкалы;
**8-928-500-19-42** - в прокуратуре Советского района г. Махачкалы;
**8-964-020-36-39** -в прокуратуре Кумторкалинского района.

**Прокуратура Республики Дагестан**

# ХIажизабазул баркала

***Гьал къояз редакциялде вачIарав ТIинди росдал школалъул мугIалим МухIамад ГIабдуразакъовас бицана хIежалде ине букIараб анищ тIубанин жиндир ва бокьун бугин Москваялда чIарав нильер ракьцояв, меценат Вечедов МухIамадие баркала загьир гьабизе жиндирго ва хIажизабазул рахьалдаса кумек-квербакьи гьабуралъухь.***

-Исана Вечедов МухIамадил кумекалдалъун хIеж борхана нильер районалдаса 160 чияс. Гьезда гьоркьове ккарав чи вуго дунги. Дие бокьун буго дирго рахьалдасанги, цадахь рукIарал киналго хIажизабазул рахьалдасанги тIоцебе ТIадегIанав Аллагьасе щукру гьабизе исана хIежалде ахIаразда гьорлъ нижги ратиялъухь. Хадуб кIудияб баркала загьир гьабулеб буго жиндир кумек-квербакъиялдалъун нижее киназего гIумруялъул анищ тIубазе рес батарав Хуштадаса Вечедов МухIамадие ва гьесул хьизан-лъималазе.



Гьарула гьесул гIагарлъиялъе щулияб сахлъи, рохел-аваданлъи. БетIергьан Аллагьас гьесул рекIел мурадал тIуразе квербакъайги, гьесул дугIаялъе жаваб гьабеги, рекIелъ иманалъул нур базабеги.

РакIалде ккола гьеб кутакалда жиндиеги районалъул гIадамазеги кутакалда пайда бугеб, Аллагь разияб хIалтIи хадубккунги гьес рехун теларин ва гьелъие гьесиеги Аллагьас кутакалда кумек гьабилин хIалалаб ризкъиялдалъун,-ян абуна МухIамадица.

Нилъецаги Амин абилаха ГIабдуразакъовасул ва хIажизабазул дугIаялъе жаваб хIисабалда.

**Хадижат Залимханова**

Райадминистрациялъул аппаратальул хIалтIухъабаз пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго Тимур ва Асият Ибрагьимовазда гьезул кIодо

**ГIайшат**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. РухI иманалда бахъун батаги. ГIагарлъиялъе иманияб сабруги кьеги.

ТIадгъаквари росдал гьоркьохъеб школалъул коллективалъ гьаридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго

**МухIамадов МухIамад (СагIитов)**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас иманалда тIовитIун ватаги, хьизан-лъималазе иманияб сабру кьеги.

Спорт

# Нилъер гIолилазул бергьенлъаби

Иорданиялъул Амман шагьаралда рагIалде рахьана U-20 программаялда рекъон Дуня-



лалъул первенствоялъул эркенаб гугариялъул рахьалъ къецал.

РечIчIухьабазул церерахьин букIана анцIго батIияб цIайиялда. Гьезда гьоркьоса анлъго церерахъиналда-цо меседил, кIиго гIарцул ва лъабго мазгарул медалгун чIел босана ва призералълъун рахъана Россиялъул командаялъул гIахьалчагIи. Кидаго гIадин, гьезда гьорлъ гIемерисел рукIана дагъистаниял.

61 кг. Кванхиса Эльдар АхIмадудинов цо баллалъ (8-9 хIисабгун) къана Индиялдаса Кумару Мохитудаса ва ккана кIиабилеббакIалде.

Лъабабилеб бакIалда гIей гьабизе ккана 65 кг. цIайиялда цеве вахъарав Хъваршиса ТIалхIат ГIабдулкъадировасги Япониялдаса речIчIухъанасда тIад ракIчIараб бергьенлъиги босун.

92 кг. цIайиялда Гьигьалъа МустафахIажи Малачдибировги вахьана мазгарул призерлъун 11-0 хIисабалда Армениялдаса Княз Ибоянида тIад чIелги босун.

Гьесда цебеги гIолилас заман щвелалдего гьединабго хIисабгун чIел босана Болгариялдаса Сали Салиевасда тIад.

Баркула Эльдарида, ТIалхIатида ва МустафахIажида бергьенлъаби, гьарула гьезие




хадубккунги спорталъулъ ва гIумрудулъ чIахIиял бергьенлъаби, икьбалгун талихI.

Олимпиялъул тIогьире гьел рахунеб кьоги нилъее кватIугеги.

**МухIамад Къасумов**

# Чемпионасул рачел - Мурадие




Дагъал цере къояз Болъихь районалда тIобитIана 1999 соналда ккарал тунка-хIусиязул ва Украиналда унеб хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIазул хIурматалда ММАялъул рахьалъ ТIолгороссиялъул турнир.

Къецал тIоритIана щуго батIияб цIайиялда-57 кг., 61 кг., 66 кг., 70 кг. ва 77 кг.

61 кг. цIайиялда кIиго бергьенлъиги босун чемпионасул рачлил бетIергьанлъун вахьана Хуштада росулъа Мурад МухIамадов.

КIиябго данделъиялда тIоцереселго минутазда кверда унтулеб къагIидаги хIалтIизабун, заман щвелелдего бергьенлъи босана Мурадица.

Мурад куцалев вуго «МугIрузул борхалъи» абураб Хуштада бугеб спортивияб базаялда тренер МухIамад ХIажиевасул нухмалъиялда гьоркь.

Баркула Мурадида ва тренерасда щварал бергьенлъаби, гьарула гIумрудулъ ва спорталъулъ хадубккунги талихIгун икьбал.

**МухIамад МухIамадов**

# ГьитIинав меценатасул садакъа



Гьал къояз иргадулаб нухалъги рагьана гьитIинав речIчIухьан Ашахан Хъазанатовас жиндирго «нахъарукъ». Гьеб букIана гьес республикаялъул лъайкьеялъул министерствоялда Ашахание Баркалаялъулаб кагъат кьеялда хурхун, батIи-батIиял идарабазул вакилзабигун ва депутаталгун гьабураб дандчIваялдаса хадуб. Нигаталда рекъон, гьес садакъа гьабуна Украиналда унеб рагъул гIахьалчагIазулгун (хваразулгун чIагоязул сияхIалда гьечIел, ай, араб бакI лъачIого тIагIарал (риларал) гIадамазул) ва мал-мулк дагъал хьизаназе. Нусиялда анцIила лъабазарго гъурущ гIун батана гьеда гьаб нухалъ «нахъарокъоб»: гьеб ккола гьесул цевевахъиназухъ ва бергьенлъабазухъ щвараб живго бетIергьанаб мулк. Рохизе ккараб хIужа буго гьитIинго васасулъ эбел-инсуца иман-ислам куцай, хIажалъи ккаразе кумек гьабизе кколебльи бичIчIи ва лъай. Гьеб дандиял лъималазеги мисаллъун букIилин ккола, хасго телефоназ гIун бачIунеб гIел гуккулеб гьаб заманалда.

**Хадижат**

БетIерав редакторасул ишал тIуралей АхIмадова ХIалимат ХIасбулаевна 2-52-44
Жавабияй секретарь Залимханова Хадижат МухIамадовна 2-52-92

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, Щумада район, Кьенгьара росу, Заводалъул къватI, 4
«Щумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: Дагъистан Республикаялъул «Щумада район» муниципалияб районалъул администрация (ОГРН 1020500562697)

Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.
Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, 1 «А»

Тираж - 1295
Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)
Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул бальголъи гьорлъ бугел ва цогидаги баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ05-00434 от 15 июля 2019 г.
Адрес электронной почты GoIostsumady@mail.ru